



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA ADAMS ANONSE PLAN POU SPARC KIPS BAY,  
KI SE SANT TRAVAY AK EDIKASYON INIK POU INOVASYON SYANS SANTE AK  
LAVI**

*Investisman istorik Vil ak Eta a, an patenarya ak CUNY, pral asire New York se  
yon lidè mondyal nan karyè nan syans lavi ak karyè nan sante piblik ki aksesib*

*Nouvo kanpis Brookdale dènye modèl la pral kreye yon filyè karyè pou etidyan Vil  
New York yo epi ede ankre endistri syans lavi a*

*Pwojè a konplete vizyon Gouvènè Hochul la pou demare sektè swen sante New  
York la, ki enkli Inisyativ Syans Lavi ki estime a 620 milyon dola, investisman  
rekò nan CUNY ak SUNY, Pwogram Bonis Travayè Swen Sante a*

*Reprezantasyon grafik ak kat zòn sit la disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Vil New York Eric Adams te anonse jodi a plan pou Pak Syantifik ak Kanpis Rechèch Kips Bay (Science Park ak Research Campus, SPARC Kips Bay), ki se yon sant inovasyon ki pral inik nan eta a. Estimile pa yon investisman istorik vil la ak eta a, SPARC Kips Bay pral fè New York vin yon lidè mondyal nan kreye ak atire djòb aksesib nan syans lavi, swen sante, ak sante piblik nan kreye yon filyè atravè lekòl piblik lokal yo nan karyè nan domèn esansyèl epi k ap grandi sa yo.

"Gras ak akò sa a ak vil la, SPARC Kips Bay pral bay sektè syans lavi New York la yon gwo ogmantasyon, kreye plizyè milye travay ki byen peye, investi nan edikasyon, epi fè New York vin kote yo fè mirak", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an rete konsantre sou sove lavi ak fè New York tounen lakay domèn transfòmasyon alavni. Avèk pwojè sa a, nou pral reyalize tou de objektif sa yo an menm tan."

Atravè yon patenarya ak City University of New York (CUNY), SPARC Kips Bay pral jenere apeprè 25 milya dola nan enpak ekonomik nan vil la pandan 30 pwochen ane yo; kreye 10,000 djòb, ki gen ladan 2,000 djòb pèmanan; epi transfòme Brookdale Campus Hunter College nan East 25th Street ak First Avenue an nouvo enstalasyon ansèyman ak komèsyal modèn. Pwojè sa a pral transfòme tout yon blòk vil — ak plis pase 1.5 milyon pye kare espas akademik, sante piblik, ak syans lavi, plis pase double anprint

syans lavi a nan Kips Bay — epi rebati yon nouvo pon aksesib pou pyeton sou East 25th Street ki konekte ak East River ak Manhattan Waterfront Greenway.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York la, Andrew Kimball, te deklare,** "SPARC Kips Bay reprezante yon apwòch revolisyonè nan devlopman ekonomik nan Vil New York kote nou kreye gwoup kote komès ak lekòl yo travay kòt a kòt pou bay etidyan CUNY ak DOE karyè inovan nan sektè inovan jodi a ak demen yo. Sa a se pa sèlman yon fason ki totalman nouvo pou bay devlopman ekonomik men tou yon patenarya fòmèl ak eta a. Ansanm, n ap kreye yon filyè san parèy nan divès talan ki pral prepare vil nou an pou ijans sante alavni pandan y ap avanse nouvo medikaman, aparèy medikal, terapi inovan, ak lòt pwodwi pou ede trete moun ki malad epi amelyore lavi yo ak swen yo. NYCEDC gen konfyans ke envestisman istorik sa a pral devlope sektè sante ak syans lavi yo, divèsifye ekonomi nou an, epi sipòte rezistans li alontèm."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Nouvo Pak Syans ak Kanpis Rechèch sa a nan Kips Bay pral non sèlman yon sant pou endistri syans lavi yo ak yon ankraj pou katye a, men tou yon pon alavni pou jèn moun yo nan vil nou an. SPARC Kips Bay pral transfòme tout yon katye vil an yon destinasyon dènve kri pou endistri syans lavi yo epi li pral yon plas kote devlopman mendèv, opòtinite ekonomik, ak sante piblik reyini san pwoblèm — sa k ap atire biznis yo epi ede Nouyòkè yo retounen ak vil nou an pi fò pase avan ak 25 milya dola nan nouvo aktivite ekonomik pou vil nou an pandan twa deseni k ap vini yo. Mèsi a tout patnè nou yo pou vizyon ak travay an ekip pa yo pou 'Fè Bagay yo Mache'."

**Direktè Bidjè a, Robert F. Mujica, Jr., te deklare,** "Sa yo se envestisman enpòtan pou kreye travay, edike jèn nou yo epi ede pwoteje sante ak sekirite piblik la. Yo reprezante tou yon patenarya pwodiktif ant eta a ak vil la epi konplete envestisman enpòtan Gouvènè Hochul te fè nan devlopman ekonomik, edikasyon ak swen sante nan bidjè eta aktyèl la."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Pwojè sa a reprezante ADN inovasyon New York la, k ap pwofite kominote edikasyon siperyè premye klas nou an pou konstwi yon rezèv talan ki pral devlope endistri syans lavi klas mondyal eta a. Envestisman estratejik nou an ak konsantrasyon nou sou devlopman mendèv se yon fòmil gányan pou Nouyòkè yo: I ap kreye djòb, bay opòtinite ekonomik, ak ranfòse ekonomi an nan tout eta a."

**Premye Majistra Adjwen Vil New York la, Lorraine Grillo, te deklare,** "Sa a se vrèman yon pwojè transfòmatif ki kreye espas modèn pou lekòl segondè yo, etidyan premye sik yo, etidyan sik siperyè, ak etidyan twazyèm sik yo, enstitisyon sante piblik yo, ak konpayi biyotèk yo. Li pral bay yon chemen pou opòtinite karyè pou jenerasyon Nouyòkè yo."

**Majistra Adjwen pou Devlopman Ekonomik ak Mendèv Vil New York la, Maria Torres Springer te deklare,** "Jodi a make kòmansman yon nouvo epòk opòtinite pou

vil nou an ak pèp nou an. Nouvo kanpis ki pote transfòmasyon nan SPARC Kips Bay la pral reyini inivèsite ak endistri epi ede Vil New York vin pi gwo vil nan mond lan pou syans lavi ak sante piblik. Ak konbinezon pwogram ak espas ki te planifye sou plas, nou gen yon opòtinite ki vrèman inik pou mete talan lokal yo nan sant travay enspiran epi ki gen anpil enpak k ap fèt nan syans lavi, swen sante, ak sante piblik epi ekipe yo ak fòmasyon yo bezwen pou yo antre nan karyè sa yo."

**Anne Williams-Isom, Majistra Adjwen Vil New York pou Sèvis Sante ak Imen, te deklare** "Kapis SPARC Kips Bay la pral ede atire ak kenbe sila yo ki pi bon ak pi briyan nan domèn sante ak syans lavi yo," deklarasyon li. "Se pral kay inovasyon ak kolaborasyon ak kè ansèyman pou jenerasyon pwofesyonèl k ap vini nan disiplin ki deplizanpli enpòtan sa yo. Mèsi ak ekip yo atravè vil la ak eta a ansanm ak kominote syans ak biznis yo paske yo te reyini ansanm pou mete plan sa yo an pratik."

SPARC Kips Bay pral kiltive pwochen jenerasyon rechèch syantifik ak mendèv swen sante a, kreye yon sèl kanpis ki gen espas pou yon nouvo lekòl segondè piblik, lekòl CUNY ki konsantre sou swen sante, konpayi sante ak biyoteknoloji inovan, ak enstitisyon sante piblik — k ap bay chemen pou karyè ki byen peye pou lekòl segondè vil Nouyòk yo, etidyan premye sik yo, ak etidyan twazyèm sik yo. CUNY pral ofri diplòm aksesib ak pwogram edikasyon kontinyèl nan sante piblik ak rechèch medikal, enkli pou anpil jèn Nouyòkè ki te enspire pa sekouris ak chèchè pandemi ki te ede devlope vaksen yo.

Opòtinite karyè yo pral soti depi nan doktè ak enfimyè rive nan biyochimist ak enjenyè, ansanm ak yon varyete wòl sipò nan syans lavi yo ak domèn swen sante tankou administratè biznis, avoka, ak asistan administratif yo. Avèk devlopman nouvo talan, pral genyen nouvo rechèch, sa k ap vle di plis konpayi, travay, medikaman, ak teknoloji avanse, ki pral asire Vil New York se lidè nan devlope tretman ak gerizon pou kèk nan defi sante piblik ki pi ijan nan epòk nou an.

Anplis de sa, SPARC Kips Bay pral enpòtan anpil nan bati yon ekonomi Vil New York ki pi dinamik ak fleksib. Sektè swen sante Vil New York la anplwaye plis pase 750,000 Nouyòkè, epi sektè syans lavi zòn metwopolitèn lan se yon endistri k ap grandi rapidman [prèske 150,000 djòb adisyonèl](#) ane pase. Vil la estime nouvo espas laboratwa komèsyal kanpis la pral kreye anviwon 2,000 bonjan kalite bdjòb epi atire nouvo konpayi ak konpayi demaraj yo, sa ki pral mennen nan lòt travay ki byen peye nan domèn swen sante ak syans lavi yo.

**Félix V. Matos Rodríguez, ki se rektè City University of New York la, te deklare,** "COVID-19 te pwouve kijan lopital piblik New York yo, enstitisyon rechèch yo, ak CUNY enpòtan pou sivi ak byennèt vil nou an. Kòm rezilta, li apwopriye pou Gouvènè Hochul ak Majistra Adams mete tèt ansanm ak CUNY pou transfòme Hunter College's Brookdale Campus pou li vin tounen yon sant sante piblik ak edikasyon pou pi byen satisfè bezwen etidyan nou yo, pwofesè yo, ak tout Nouyòkè yo. Chak ane, CUNY enskri anviwon 40,000 elèv nan pwogram sante ak sèvis imen, ak etablisman modèn sa a pral prepare pou yo travay nan sektè syans lavi ak sante piblik ki ap grandi nan New

York la epi tou pou kreye travay ki nesèsè anpil nan domèn sa yo pou ede ekonomi nou an. CUNY fyè dèske li fè pati patenarya sa a, ki pral ede New York rekipere apre pandemi an yon fason ekitab."

**Prezidan Konsèy Administrasyon CUNY (CUNY Board of Trustees), William C. Thompson, Jr. te deklare,** "Nouvo etablisman sa a ki nesèsè anpil la pral pèmèt CUNY elaji pwogram nou yo nan swen sante ak devlopman mendèv, konekte etidyan yo ak estaj ak travay nan endistri sa yo k ap grandi, epi elaji kapasite rechèch solid epi k ap grandi nan syans lavi nou an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Majistra Adams paske yo te fè CUNY sèvi ankraj pou nouvo devlopman dinamik sa a ki pral enpòtan anpil pou siksè alavni vil nou an."

**Direktè Inisyativ Biyoloji Estriktirèl Sant Rechèch Syans Avanse City University of New York la, Kevin H. Gardner, Ph.D, te deklare,** "Menm nan epòk nou an ki konekte dijitalman, moun eksepsyonèl, lide, ak konsèp fleri ak pwoksimitè, nan travay kòt a kòt ak epi ozalantou youn lòt. Pwojè SPARC Kips Bay la kreye yon nouvo espas pou tout aktivite kle byomedsin yo — soti nan swen rive nan rechèch rive nan fòmasyon, soti nan dekouvèt rive nan aplikasyon — pou yo fèt ansanm anba yon sèl tywati olye pou yo gaye nan diferan kote. Bagay enteresan yo ap tann nou isit la, soti nan pasyan yo trete yo rive nan lide yo mete an pratik ak anseye yo nan pwochen jenerasyon founisè swen sante yo."

**Mitchell Katz MD, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYC Health + Hospitals, te deklare,** "NYC Health + Hospitals fyè dèske li fè pati SPARC Kips Bay pandan n ap agrandi klinik swen prensipal Bellevue Hospital la epi ajoute yon nouvo sant similation klinik pou anplwaye nou yo ak etidyan CUNY yo. Sistèm sante nou an pral jwe yon wòl dinamik nan nouvo kanpis sa a pandan nou angaje pasyan nou yo ak fiti enfimyè ak doktè yo."

**Rektè Depatman Edikasyon Vil New York la, David C. Banks, te deklare,** "Ofri etidyan nou yo yon chemen klè ak preparasyon pou yon karyè ki bay rekonpans ak sekirite ekonomik alontèm se Etwal Polè (Pwen Destinasyon) nou. SPARC Kips Bay pral yon rezilta kolaborasyon san parèy ant lekòl piblik nou yo, CUNY, endistri sante ak biotech vwazen yo, ak enstitisyon sante piblik yo pou bay etidyan lekòl segondè nou yo chemen karyè enpòtan. Mwen kontan dèske opòtinite sa a pral ede prepare plis etidyan nou yo pou ekonomi 21èm syèk la ak opòtinite alavni yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Konstriksyon Lekòl Vil New York la, Nina Kubota, te deklare,** "Pwojè anbisye sa a se yon lòt egzanp koperasyon entè-ajans ki te dirije pa Majistra Adams ak Gouvènè Hochul ki pral transfòme katye Kips Bay la pou jenerasyon k ap vini yo. Mete yon nouvo lekòl modèn kòm yon pati nan kanpis syans lavi ak sante piblik sa a pral bay nouvo opòtinite enteresan pou elèv ki enterese pouswiv karyè nan endistri k ap grandi sa yo."

**Direktè Depatman Planifikasyon Vil New York ak Prezidan Komisyon Planifikasyon Vil la, Dan Garodnick, te deklare,** "Rejyon Vil New York la ap dirije

nasyon an nan travay syans lavi yo, epi, avèk pwojè sa a, nou pral kontinye ogmante nòt la. Nouvo sant sa a byen chita nan yon koridò swen sante ki gen ladan lopital, laboratwa, lekòl, ak etablisman sante piblik, nan yon vil ki gen tout talan pou vivifye nouvo inovasyon yo. Sa a pote transfòmasyon pou katye a ak yon gwo viktwa pou New York."

**Direktè Egzekitif Biwo Talan ak Devlopman Mendèv Majistra Vil New York la, Abby Jo Sigal, te deklare,** "Envestisman piblik-privè pou devlope SPARC Kips Bay pral kreye avni mobilite ekonomik pou Nouyòkè yo epi ede ekonomi nou an pwospere. Sant fòmasyon sou plas yo ak lekòl segondè piblik yo pral bay elèv CUNY ak DOE opòtinite aprantisaj ki konekte ak karyè ki enpòtan anpil pou siksè pwofesyonèl yo ak anplwayè yo nan syans lavi ak endistri swen sante yo opòtinite pou yo pwofite talan enkwayab rezidan NYC yo."

**Medsen Lejis Anchèf Vil New York la, Doktè Jason Graham, te deklare,** "Kips Bay te deja lakay OCME pou plis pase yon syèk, epi, avèk nouvo sant patoloji legal nou an, nou kontan lanse pwochen chapit la pou katye sa a kòm yon sant mondyal pou dekouvèt ak inovasyon nan syans legal. Etablisman modèn nou an pral sipòte doktè ak syantis k ap sèvi Nouyòkè yo nan kafou sante piblik ak sekirite epi asire ke nou kontinye dirije peyi a nan pwodwi patolojis legal ki sètifye nan Komisyon Konsèy la yon moman kote sousespesyalite medikal sa a nesesè anpil."

SPARC Kips Bay pral sèvi ankraj nan nouvo enstalasyon modèn pou plis pase 4,500 etidyan ki soti nan Hunter School of Nursing and School of Health Professions, CUNY Graduate School of Public Health and Health Policy, ak pwogram swen sante Borough of Manhattan Community College yo. Sant lan pral genyen tou:

- Yon sant swen anbilatwa H+H/Bellevue ki pral ofri tès depistaj, pwosedi nan menm jou a, dyagnostik, ak swen prevantif
- Yon sant fòmasyon simulation H+H ki pral pèmèt etidyan CUNY ak lòt yo estimile senaryo pasyan yo, itilize sal operasyon fiktif ak sal travay ak akouchman;
- Yon lekòl segondè DOE ki bay aprantisaj pratik nan swen sante ak syans pou prepare elèv yo pou karyè nan sektè sa yo k ap grandi; epi
- Yon nouvo Sant Patoloji Legal Biwo Medsen Lejis Anchèf (Office of Chief Medical Examiner, OCME), ki anplwaye 150 moun e ki se yon sant fòmasyon k ap mennen nasyonalman pou patolojis legal yo, ak yon orè operasyon 24/24, 7/7, pandan tout ane a.

SPARC Kips Bay pral kontinye yon eritaj patenarya piblik-privè ki gen siksè pou ede New York devlope endistri syans lavi li a. Pandan ane k ap vini an, vil la ak NYCEDC, k ap travay ansanm ak eta a ak CUNY, pral dirije yon pwosesis planifikasyon prensipal ki pral lakòz yon plan sit konseptyèl ki pral idantifye bezwen enfrastruktir sit la, mas bilding, espas ouvè ak konsepsyon iben, ak potansyèl zonaj ak lòt chanjman dwa ki nesesè pou aplike pwojè a. Pwosesis planifikasyon an pral enfòme pa angajman kominotè ak ekspè

nan matyè yo, epi sipòte pa konpayi achitekti, planifikasyon iben, ak fim enjenyeri Skidmore, Owings & Merrill.

Patenarya piblik-prive sa a montre angajman Gouvènè Hochul pou ankouraje kwasans ak inovasyon nan Endistri swen sante ak syans lavi New York yo. Gouvènè a ap kontinye avanse [Inisyativ Syans Lavi ki koute 620 milyon dola](#) Eta New York la pou ankouraje kreyasyon solisyon swen sante dènnye kri yo ak elaji kapasite eta a pou komèsyalize rechèch. Inisyativ la gen ladan yon Fon Komèsyalizasyon Biyodefans Eta New York ki koute 40 milyon dola ki te kreye an repons a pandemi COVID-19 la pou pwofite avantaj ak ekspètiz rechèch ak devlopman New York.

Separeman, Gouvènè Hochul [te akòde premye sibvansyon](#) an nan Fon Envestisman Long Island ki koute 350 milyon eta a bay Enstiti Feinstein pou Rechèch Medika (Feinstein Institutes for Medical Research) epi li planifye lanse yon konpetisyon plan biznis syans lavi k ap koute 50 milyon dola atravè Fon an nan semèn k ap vini yo. Gouvènè a te travay tou ak Lejislati Eta a pou sekirize yon rekò 2.2 milya dola [pou amelyorasyon kapital nan lekòl CUNY ak SUNY yo](#) ak yon lòt 500 milyon dola pou depans fonksyonman nan kad bidjè ane sa a. Epi nan mwa out la, Gouvènè a te lanse yon [pwogram bonis pou Travayè Swen Sante ak Ijyèn Mantal yo](#) ki koute 1.3 milya dola pou rekrute ak kenbe pi bon talan yo pou sektè swen sante New York la.

Yo prevwa SPARC Kips Bay pral koute 1.6 milya dola epi vil la ak eta a pral finanse li ansanm ak investisman prive adisyonèl. Yo prevwa SPARC Kips Bay pral kòmanse an 2026 epi l ap fini nan fen ane 2031.

**Reprezantant Carolyn Maloney te deklare,** "Pandan plizyè ane, kominote sa a te defann yon gwo sant syans lavi nan sit sa a, e mwen kontan ke jou a te finalman rive. Pa gen pi bon kote pou mete kanpe yon kanpis edikasyon syans lavi dènnye modèl ak pami kèk nan pi bon lekòl medikal, lopital piblik, ak sant rechèch ki tou pre. Si nou vle kontinye pou nou vin lidè nasyonal nan pwofesyon swen sante yo, nou bezwen fè kalite investisman sa yo epi kreye filyè ki mennen Nouyòkè ki gen talan yo nan endistri swen sante a."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Efò sa a pral ranfòse swen sante ak opòtinite karyè nan New York, espesyalman nan konbinezon ak ekspansyon New York nan pwogram Divèsite nan Medsin. Sa a se yon investisman enpòtan tou nan edikasyon piblik ak edikasyon siperyè piblik."

**Manm Konsèy Vil New York la Keith Powers, te deklare,** "Aprè plizyè ane ensètitud sou avni Brookdale, jodi a reprezante yon gwo opòtinite pou Vil New York. Li enpòtan anpil pou vil nou an kontinye rete yon lidè nan syans lavi epi pou pwochen jenerasyon nou an pare pou dirije nan endistri dènnye kri. Pandan pwosesis sa a ap kontinye, mwen pa ka tann pou mwen resevwa opinyon piblik la, revize pwopozisyon sa a ak kòlèg mwen yo, epi fè konvèsasyon enpòtan ak kominote a."

**Prezidan 1199SEIU United Healthcare Workers East lan, ki se George Gresham, te deklare,** "Syans lavi yo enpòtan anpil pou avni swen sante, travay, ak yon ekonomi k ap grandi. Vil New York gen resous pou li kapab yon sant mondyal pou rechèch medikal dènye kri ak fòmasyon ki pral yon avantaj pou bon travay sendika ak ekonomik kwasans nan tout rejyon an. CUNY se yon pati entegral nan kad fòmasyon travayè swen sante pou demen yo ak kote anpil manm 1199SEIU etidye, ki sipòte pa Fon pou Fòmasyon ak Amelyorasyon (Training and Upgrading Fund) nou an. Nou pa ka tann pou nou kontinye kolaborasyon ak Majistra Adams ak Gouvènè Hochul sou inisyativ sa a ki pral ranfòse livrezon swen sante nan New York."

**Building and Construction Trades Council of Greater New York President Gary LaBarbera said,** "Pandan New York ap kontinye sòti nan pandemi an, investisman kontinyèl nan pwojè devlopman enpòtan ki non sèlman amelyore swen sante ak enfrastrikti syans lavi nou an, men tou kreye plizyè milye travay ki byen peye ak opòtinite karyè pou moun yo ki nan klas travayè nou an enpòtan anpil. Nouvo sant sante piblik ak edikasyon sa a nan Kips Bay se yon lòt pwojè ankò ki pral etabli New York kòm yon lidè nan syans lavi ak swen sante epi ki pral ofri chemen karyè ki aksesib ak klas mwayèn pou Nouyòkè k ap travay di yo. Nou bat bravo pou Majistra Adams ak Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl yo pou yo mennen inisyativ sa yo ki pozisyone vil nou an pou li vin pi fò epi amelyore lavi tout Nouyòkè yo yon fason drastik."

**Direktè Egzekitif Jeneral LEXEO Therapeutics la, R. Noland Townsend, te deklare,** "Kòm yon Direktè Egzekitif Jeneral nan yon konpayi biyoteknoloji ki baze nan New York, mwen kontan wè investisman istorik sa a ki ta dwe katalize plis kwasans sektè syans lavi a nan vil la. Sa ki enpòtan, kolaborasyon kontinyèl nan endistri, akademik, ak pati konsène yo nan gouvènman an te enpòtan anpil pou fasilite akselerasyon sa a nan vitès ak angajman pou konstwi ak elaji sektè syans lavi a nan New York."

**Direktè Egzekitif Jeneral NewYorkBIO a, Jennifer Hawks Bland, te deklare,** "Estimile inovasyon ak sipòte devlopman ak kwasans endistri syans lavi Eta New York la fondamantal nan misyon nou. Patenarya Majistra Adams ak Gouvènè Hochul nan SPARC Kips Bay se yon investisman kolaborasyon san parèy nan pwogrè edikasyon ak karyè pou endistri enpòtan sa a. Investisman sa a pral pwofite pozisyon New York kòm yon lidè syans lavi ak kay pou ekselans syantifik — sa k ap trase wout la pou kwasans fòmèl nan talan epi, finalman, antrepriz demaraj ak konpayi yo."

**Prezidan Manhattan Community Board 6, Kyle Athayde, te deklare,** "Manhattan Community Board 6 depi lontan ap defann yon modènizasyon sit Brookdale la epi li kontan dèske lidè nou yo ap koute apèl nou yo epi yo ap kontinye nan yon fason nouvo epi ki panse pou lavni. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Majistra Adams, Chanselye Matos Rodríguez, ak Prezidan Raab paske yo avanse ak finansè yon plan ki mete Distri Kominotè Manhattan 6 pou dirije nan endistri syans lavi a epi pwospere nan 21èm syèk la. Community Board 6 kontan tou pou wè ke plan an gen ladann kèk amelyorasyon kominotè, ke nou te defann pandan tout ane yo, tankou yon pon pou pyeton ki aksesib ak ADA sou FDR Drive rive Waterside Plaza. Community Board 6 pa ka tann pou l

angaje aktivman ak patnè gouvènman nou yo pandan pwosesis planifikasyon k ap vini an."

**Ko-prezidan Albert and Mary Lasker Foundation (Fondasyon Albert ak Mary Lasker), Konsèy Konsiltatif Syans Lavi Majistra a, ak Prezidan Claire Pomeroy, te deklare,** "Nou aplodi Gouvènè Hochul ak Majistra Adams pou anons istorik sa a. Nouvo SPARC Kips Bay a se yon investisman enpòtan ak enspiran nan jenerasyon syantifik, klinisyen, ak fonksyonè piblik aktyèl ak alavni yo ke travay yo avanse sante kominote Vil New York nou an ak moun yo atravè mond lan. Antanke ko-prezidan Konsèy Konsiltatif Syans Lavi Majistra a, mwen kontan anpil pou m sipòte nouvo sant edikasyon, fòmasyon karyè, ak inovasyon sa a."

**Profesè Medsin Inivèsite Lewis Thomas la, Weill Cornell Medicine, Konsèy Konsiltatif Syans Lavi Majistra Harold Varmus, te deklare,** "Anons jodi a pa majistra ak gouvènè a se yon nouvel yo byen akeyi pou nou menm ki te konseye NYCEDC sou plizyè pwojè li yo pou ankouraje ekspansyon antrepriz syans lavi yo nan vil la atravè investisman kapital, devlopman byen imobilye, ak fòmasyon talan lokal yo. Gen anpil pwogrè ki deja fèt, epi nouvo plan yo ka prevwa akselere rit devlopman alavni."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Partnership Fund for New York City, Maria Gotsch, te deklare,** "Nouvo sant rechèch sa a pral akselere kwasans syans lavi yo nan Vil New York epi kreye yon sant elaji nan Kips Bay, ki kounye a ankre pa Alexandria Center. Gras ak gwo investisman nan sektè piblik ak prive, syans lavi yo vin tounen yon pwen briyan nan ekonomi vil nou an — sa k ap kreye plizyè milye djòb epi atire plizyè milyon dola anplis nan investisman sektè prive. Kanpis la pral amelyore tou fòmasyon travay ak inisyativ devlopman mendèv ki nesèsè pou fèmen eka konpetans yo epi kreye yon filyè talan syans lavi. Nou remèsye Majistra Adams ak Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl yo nan endistri a."

**Prezidan Asosyasyon Lokatè Vilaj Stuyvesant Town-Peter Cooper a, Susan Steinberg, te deklare,** "Nou kontan dèske patenarya ant Eta New York ak Vil New York pral itilize Sit Brookdale la pou elaji koridò sante ak biyosyans ki egziste a ant 23rd Street ak 34th Street. Nou pa ka tann kolaborasyon sa a k ap bay edikasyon, fòmasyon, ak sèvis medikal ki pral benefisye kominote a."

**Prezidan Asosyasyon Lokatè Waterside la, Janet Handal, te deklare,** "Asosyasyon Lokatè Waterside la kontan anpil pou l aprann plan redevlopman Hunter Brookdale Campus la, ki pral pote yon nouvo pwogram fòmasyon pwofesyonèl ak lekòl segondè nan kominote a ak bon jan kalite travay. Nou kontan espesyalman paske yo pral konstwi yon nouvo pasarel ki konfòm ak ADA k ap konekte Waterside ak 25th Street kòm yon pati nan pwojè a. Nou pa ka tann pou nou travay ak NYCEDC nan kad pwosesis planifikasyon kominotè a pou asire enkyetid ak bezwen kominote a enkòpore nan plan prensipal la."

###



Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418